

SANT SANTE KI NAN LEKÒL YO **Konsantman pou Enfòmasyon sou Sèvis yo**

Sant Sante ki nan Lekòl yo se yon jefò Optimus Health Care, Southwest Community Health Centers, Eta Connecticut la, epi Konsèy Edikasyon Bridgeport la te kole ponyèt yo ansanm pou yo fè Aktyèlman la a gen Sant Sante ki nan Lekòl yo ki sitiye nan chak lekòl segondè ki nan Bridgeport ak nan plizyè lekòl elemantè. (*Gade lis lekòl yo ki nan vèsò a.*)

KISA YON SANT SANTE KI NAN LEKÒL YE? Yon sant swen sante primè ki sitiye nan yon lekòl. Manm pèsònèl yo gen pami yo: founisè swen medikal tankou enfimyè pratisyen, asistan doktè, pedyat, dantis, ijyenis dantè, asistan dantè, asistan medikal epi travayè sosyal.

KISA SANT SANTE KI NAN LEKÒL YO FÈ? Sant Sante ki nan Lekòl yo founi yon varyete sèvis ki limite, ki enkli egzamen fizik; sèvis sante pou elèv ki malad (jesyon nan tèt kole avèk founisè swen primè yon timoun sou pifò pwoblèm sante yo) ki enkli opresyon ak maladi sik; mizajou vaksen; sesyon konsèy endividyèl, an gwoup ak fanmilyal, akonpayman pou paran; edikasyon nan sal klas sou kesyon byennèt; entèvansyon nan ka kriz; sèvis sante repwodiktif ki enkli: egzamen jinekolojik [Tès depistaj kansè nan kòl matris (Pap Tès) ak depistaj enfeksyon moun pran nan fè bagay]; dyagnostik ak trètman maladi moun pran nan fè bagay; disponibilite kapòt ak preskripsyon mwayen pou kontwòle pouvwa fè pitit; sèvis swen dantè ki enkli netwayaj, plonbij, ak ekstraksyon. Nou fè referans bay founisè swen ki nan kominote yo selon nesesite a.

KIJAN YON ELÈV KAPAB ITLIZE SANT SANTE A? Yon elèv dwe gen yon fòmilè konsantman ki gen siyati paran l oswa pa responsab legal li a pou l ka resevwa sèvis sant sante a. Si yon elèv gen 18 lane oswa plis oswa li emansipe, li kapab siyen pwòp fòmilè Konsantman pou Sèvis li. Fòmilè Konsantman pou Sèvis la valid pandan **de (2) lane eskolè akademik** epi yo gen pou yo voye yon nouvo fòmilè konsantman lakay ou anvan dat ekspirasyon an pou garanti timoun ou an rete yon manm aktif nan Sant Sante ki nan Lekòl yo.

KIJAN SÈVIS YO PEYE? Optimus Health Care, Southwest Community Health Center ak Eta Connecticut la kontribye nan bay fon pou operasyon sant sante sa yo. Faktirasyon asirans tyès pati yo ap ede nou kouvri depans ki nesesè pou Sant Sante ki nan Lekòl yo operasyonèl. **Ou menm oswa timoun ou an pa p peye dirèkteman pou kèlkeswa sèvis la.** Elèv ak fanmi ki pa gen kouvèti asirans yo pa p resevwa fakti.

Sant Sante ki Nan Lekòl yo pa p faktire paran yo oswa elèv yo dirèkteman pou nenpòt kopèman asirans ou an egzijè, nou pa pral mande w peye nou si ou pa rive atenn franchiz konpayi asirans ou an, epi nou pa pral mande w peye nou dirèkteman si yon konpayi asirans refize reklamasyon nou soumèt ba li a pou sèvis nou founi yo. Faktirasyon nou an pa t a dwe gen okenn enpak sou prim ou peye yo.

ESTA INFORMACIÓN Y LOS CORRESPONDIENTES FORUMLARIOS ESTÁN DISPONIBLES EN ESPANOL Y EN LOS CENTROS DE SALUD ESCOLARES. SI NECESITA TRADUCCIÓN AL ESPANOL, FAVOR DE LLÁMAR Ó PRESENTARSE A UNO DE LOS CENTROS DE SALUD ESCOLARES.

KONFIDANSYALITE: Sant Sante ki nan Lekòl yo (School-Based Health Centers, SBHCs) respektè tout lwa ki an vigè yo konsènan konfidansyalite sèvis sante yo an jeneral epi espesifikman nan sa ki gen pou wè ak sèvis pou minè yo. Sant Sante ki nan Lekòl yo ka divilge enfòmasyon konsènan timoun ou an ak/oswa sèvis ki founi yo yon fason pou ka faktire tyès pati k ap peye pou sèvis yo tankou asirans prive yo ak Medicaid, epi pou operasyon ak trètman sante yo. Tanpri konsilte Avi sou Pratik Konfidansyalite yo, ki dekri kijan nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sante timoun ou an ki pwoteje yo.

Konsèy Edikasyon an mentni yon patenarya pou garanti aksè ak swen sante yo pou tout elèv yo. Lè yo opere sant sante yo nan lekòl yo, Sant Sante ki nan Lekòl yo aksepte yon responsabilite ki inik pou yo pwomouvwa yon anviwònman ki san danje epi ki sen pou tout elèv yo. Manm Pèsònèl Sant Sante ki nan Lekòl yo gen pou yo

kowopere epi kominike avèk ou epi manm pèsònèl Konsèy Edikasyon yo chak fwa konpòtman oswa sante elèv la ka debouche sou risk prejidi pou elèv la oswa lòt moun ki nan anviwònman edikatif la. Manm Pèsònèl sant sante yo gen pou yo swiv pwotokòl ak politik Sant Sante ki nan Lekòl yo etabli yo ansanm ak sa ki detaye nan Manyèl Manm Pèsònèl la ak Gid Elèv la Konsèy Edikasyon an bay yo. Lè ou konplete epi siyen fòmilè Konsantman pou Sèvis la, sa otorize nou pou nou divilge enfòmasyon jan yo idantifye nan Avi sou Konfidansyalite ki atache a.

KIJAN POU MWEN JWENN ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ SOU SANT SANTE KI NAN LEKÒL YO?

Tanpri pa ezite pou w kontakte youn nan Sant Sante ki Nan Lekòl yo nan adrès ak nimewo telefòn ki vin annapre yo:

**Lekòl Blackham
(Blackham School)
425 Thorne Street
Bridgeport CT, 06606
203.396.8532**

**Lekòl Columbus
(Columbus School)
275 George Street
Bridgeport, CT 06604
203.576.8462**

**Kanpis John F. Kennedy
Campus
700 Palisade Avenue
Bridgeport, CT 06610
203.576.7534**

**Lekòl Dunbar
(Dunbar School)
790 Central Avenue
Bridgeport, CT 06607
203.332.4567**

**Lekòl Luis Munoz-Marin
(Luis Munoz-Marin School)
479 Helen Street
Bridgeport, CT 06608
203.576-8310**

**Lekòl Read
(Read School)
130 Ezra Street
Bridgeport CT, 06606
203.275.4724**

**Lekòl Roosevelt
(Roosevelt School)
680 Park Avenue
Bridgeport, CT 06604
203.275-2173**

**Lekòl Segondè Bassick
(Bassick High School)
205 Broad Street
Bridgeport, CT 06605
203.275.3100**

**Lekòl Segondè Central
(Central High School)
1 Lincoln Boulevard
Bridgeport CT, 06606
203.275.1701**

**Lekòl Segondè Harding
(Harding High School)
1734 Central Avenue
Bridgeport, CT 06610
203.576.8213**

**Lekòl Cesar Batalla
(Cesar Batalla School)
606 Howard Avenue
Bridgeport, CT 06604
203.576.8517**

**Lekòl James J. Curiale
(James J. Curiale School)
300 Laurel Avenue
Bridgeport, CT 06605
203-576-8437**

**Lekòl Segondè Fairchild Wheeler
(Fairchild Wheeler High School)
840 Old Town Road
Bridgeport CT, 06606**

**Lekòl Barnum
(Barnum School)
495 Waterview Avenue
Bridgeport, Ct 06608**

**Lekòl Waltersville
(Waltersville School)
150 Hallet Street
Bridgeport, CT 06608**

**Lekòl Geraldine Johnson
(Geraldine W. Johnson School)
475 Lexington Avenue
Bridgeport, CT 06604
203.275.2597**

Si w gen nenpòt kesyon jeneral konsènan Sant Sante ki nan Lekòl yo, tanpri rele Sant Sante ki nan Lekòl la dirèkteman. Nou ankouraje w pou w konplete epi siyen fòmilè Konsantman pou Sèvis yo ak pa Antesedan Medikal la pou manm pèsònèl nou yo kapab kontinye asiste ou menm ak timoun ou an pi byen.



KONSANTMAN POU SÈVIS SANT SANTE KI NAN LEKÒL YO

Tanpri konplete tout enfòmasyon ki nan rektò ak vèsò fòmilyè pèmasyon sa a avèk lank. Ou dwe siyen li epi mete dat la sou li pou timoun ou an ka resevwa sèvis nan Sant Sante ki nan Lekòl yo. Si totalite fòmilyè sa a pa konplete, timoun ou an pa kapab resevwa sèvis yo, sof si t a gen yon ijans. Si w bezwen èd pou w ranpli fòmilyè sa a, tanpri kontakte Sant Sante ki nan Lekòl la. Si yon elèv gen 18 lane oswa plis oswa li emansipe, li kapab siyen pwòp fòmilyè pèmasyon li.

Non Elèv la: _____ Dat Nesans: _____
Siyati Prenon Dezyèm Prenon

Adrès: _____ Vil: _____ Kòd Postal: _____

Lang Matènèl _____ Lekòl: _____ Klas: _____ Sal la _____

Sekirite Sosyal _____ ☐Fi ☐Gason ☐Lòt ☐Refize Reponn Telefòn Lakay/Mobil: _____

Paran / Responsab Legal / Moun pou Kontakte si Genyen yon Ijans

Non Responsab Legal la:	Dat Nesans:	Relasyon:
Imèl Responsab Legal la:	Telefòn:	
Moun pou Kontakte si Genyen yon Ijans:	Telefòn:	Relasyon:

Orijin Etnik Elèv la: ☐ Ispanik/Latino
☐ Se pa Ispanik/Latino ☐ Lòt
☐ Enkoni / Pa rapòte ☐ Refize Espesifye

Ras / Orijin Etnik: ☐ Endyen Ameriken / Orijinè Alaska Natifnatal
☐ Azyatik ☐ Nwa / Ameriken Nwa ☐ Moun Awayi Natif Natal ☐ Blan
☐ Lòt ☐ Enkoni / Pa rapòte ☐ Refize Espesifye

Doktè Swen Primè: _____ Adrès: _____

Nimewo Biwo a: _____ Faks: _____ Pwofesyonèl pou Swen Dan: _____

Si ou pa genyen pwòp dantis ou, èske w vle pou timoun ou an wè Ijyenis/Dantis SBHC a? ☐ Wi ☐ Non

Enfòmasyon sou Asirans Medikal/Dantè:

Tip asirans (koche tout sa ki koresponn yo epi konplete enfòmasyon ki pi ba yo sou kouvèti asirans timoun ou an)

☐ Medicaid (Tit 19) ☐ Asirans Prive/Komèsyal ☐ Dantè ☐ Pa Gen Kouvèti Asirans
☐ Medicaid HUSKY A [Swen Sante pou Timoun ak Jèn ki pa Asire (Healthcare for Uninsured Kids and Youth, HUSKY)] ☐ Medicaid HUSKY B

Enfòmasyon sou MEDICAID (Tit 19); Medicaid HUSKY A; Medicaid HUSKY B

Nimewo Medicaid Timoun nan: _____ Non Konpayi Jesyon Swen an: _____
Doktè ki Responsab Swen Timoun nan: _____ Dat li An Vigè a: _____

ENFÒMASYON SOU ASIRANS PRENSIPAL

Non Mèt Asirans lan: _____ Relasyon li Genyen ak Elèv la: _____
Adrès Mèt Asirans lan: _____ Dat Nesans Mèt Asirans lan: _____
Nimewo Sekirite Sosyal Mèt Asirans lan: _____
Non ak Adrès Konpayi Asirans lan: _____
Nimewo Kontra Asirans lan: _____ Nimewo Gwoup la: _____ Non Gwoup la: _____ Nimewo Plan an: _____
Dat Kouvèti a Antre an Vigè: _____
Non ak Adrès Anplwayè Mèt Asirans lan: _____

ENFÒMASYON SOU ASIRANS DANTÈ:

Non Mèt Asirans lan: _____ Relasyon li Genyen ak Elèv la: _____
Adrès Mèt Asirans lan: _____
Dat Nesans Mèt Asirans lan: _____ Nimewo Sekirite Sosyal Mèt Asirans lan: _____
Non Plan an: _____ Nimewo Plan an: _____

Tanpri founi yon kopi kat asirans aktyèl ou an/yo, kat Medicaid la, kat Plan Jesyon Swen Medicaid la ak tout fòmilyè reklamasyon konpayi asirans ou an egzijè.

Non Elèv la: _____

Dat Nesans: _____

Èske timoun ou an te genyen nenpòt pwoblèm medikal li t a ye a: _____

Èske timoun ou an te genyen nenpòt pami sa ki vin annapre yo: (Tanpri koche swa “Wi” oswa “Non” pou **chak** kesyon)

Wi	Non		Wi	Non	
☐	☐	Pwoblèm pou Manje	☐	☐	Gwosès
☐	☐	VIH/SIDA	☐	☐	Alèji Sezonye
☐	☐	Pwoblèm Somèy	☐	☐	Atrit
☐	☐	Pwoblèm Pwa	☐	☐	Tèt Fè Mal
☐	☐	Pwoblèm Vizyon	☐	☐	Kriz
☐	☐	Pwoblèm Oditif	☐	☐	Twoub Sangen (Anemi, Maladi Anemi Falsifòm oswa Trè)
☐	☐	Pwoblèm nan Dan	☐	☐	Twoub Kowagilasyon
☐	☐	Twoub Po (Egzema, Soryazis)	☐	☐	Twoub Defisi Atansyon oswa Twoub Defisi Atansyon avèk Ipè-Aktivite (Attention Deficit Hyperactivity Disorder, ADHD)
☐	☐	Enfeksyon nan Zòrèy	☐	☐	Depresyon
☐	☐	Opresyon	☐	☐	Maladi Mantal
☐	☐	Nemoni	☐	☐	Èni
☐	☐	Tibèkiloz (Kontak/Enfeksyon)	☐	☐	Maladi Sik (Dyabèt)
☐	☐	Pwoblèm Kè (Souf Kadyak, Rimatis, Maladi Kè)	☐	☐	Pwoblèm Tiwoyid
☐	☐	Tansyon Wo	☐	☐	Kansè
☐	☐	Kolestewòl Wo	☐	☐	Varisèl
☐	☐	Pwoblèm Lestomak (Dyare, Konstipasyon, Doulè, Vomisman)	☐	☐	Mononikleyoz
☐	☐	Enfeksyon nan kanal pou Pipi	☐	☐	Epatit
☐	☐	Pwoblèm Règ	☐	☐	Menenjit
☐	☐	Plon / Nivo ki pi wo a _____	☐	☐	Lòt: Eksplike: _____

Èske timoun ou an ap pran youn oswa plizyè medikaman chak jou oswa regilyèman? ☐ Wi ☐ Non

Tanpri mansyone tout medikaman yo: _____

Èske timoun ou an alèjik oswa li te gen yon reyaksyon endezirab fas ak nenpòt medikaman, manje oswa ensèk: ☐ Wi ☐ Non

Si se Wi, tanpri ekplike: _____

ANTESEDAN SANTE FANMILYAL

Tanpri koche pi ba a si nenpòt nan **FANMI KI GEN MENM SAN AK OU** yo (pa egzanp, paran, frè/sè, matant, tonton, granparan) te gen nenpòt nan maladi yo ki vin annapre yo epi note ki fanmi ki te genyen yo:

WI	NON	MALADI	Fanmi	Eksplike
☐	☐	Maladi Sik, Twoub Andokrin (tiwoyid)	_____	_____
☐	☐	Kansè	_____	_____
☐	☐	Pwoblèm kè, Estwok	_____	_____
☐	☐	Tansyon Wo	_____	_____
☐	☐	Twoub Sangen tankou Anemi	_____	_____
☐	☐	Twoub Kowagilasyon	_____	_____
☐	☐	Pwoblèm Respiratwa tankou Opresyon	_____	_____
☐	☐	Maladi Mantal (pa egzanp Depresyon)	_____	_____
☐	☐	Pwoblèm Dwòg/Alkòl	_____	_____
☐	☐	Enfeksyon (TB/VIH/SIDA)	_____	_____
☐	☐	Lanmò Anvan 50 lane	_____	_____
☐	☐	LÒT: _____	_____	_____

Mwen te resevwa dokiman konsènan sèvis Sant Sante ki nan Lekòl (School Based Health Center, SBHC) yo, ki gen pami yo Avi sou Pratik Konfidansyalite SBHC a. An konfòmite ak Lwa Eta a (Lwa Jeneral Connecticut yo 19a-602), lè mwen siyen fòmilè konsantman sa a, mwen aksepte timoun mwen an kapab diskite ak resevwa sèvis ki mansyone pi wo yo, ki enkli sèvis sante repwodiktif yo. Sèvis sante repwodiktif yo enkli egzamen jinekolojik; dyagnostik ak trètman enfeksyon moun pran nan fè bagay yo; disponibilite kapòt epi preskripsyon mwayen pou kontwòl pouvw fè pitit san manm pèsone Sant Sante ki nan Lekòl la pa bezwen notifiye w sou sa ankò. Mwen bay otorizasyon pou gen echanj enfòmasyon medikal / sante mantal ki enpòtan ki fèt ant manm pèsone SBHC yo, avèk manm pèsone Konsèy Edikasyon Bridgeport la, epi founisè ekstèn yo si sa nesesè an konfòmite ak Avi sou Konfidansyalite a, sof si mwen opoze m ak sa alekri. Objektif pwosesis sa a se ap ede mentni sante ak sekirite nan lekòl yo, epi kowòdone swen timoun mwen an. Dosye SBHC yo ka transfere nan lòt klinik SBHC yo ak Southwest Community Health Center si sa nesesè. Mwen bay Sant Sante ki nan Lekòl yo otorizasyon pou divilge enfòmasyon konsènan trètman ak/oswa sèvis yo bay asirans mwen oswa asirans timoun mwen an pou li fè faktirasyon.

Siyati Paran an: _____

Dat: _____

Relasyon ak Timoun nan: _____

Konsantman an valid pou de (2) lane akademik.